

1083-2022-2

Notis Piblik

Lamenm yo bay notis Konte Lee pral aplike pou yon sibvansyon pwogram Flex Fund (Fon fleksib) Tit 49 Kod Etazini (USC) Seksyon 5307 nan Administrasyon Tranzit Federal ki pral ofri asistans finansman pwojè a pou Depatman Tranzit Konte Lee, LeeTran.

Deskripsyon pwojè a: Pri total pwojè a pou sibvansyon pwogram Flex Fund 5307 tit 49 Kod Etazini an se \$2,100,000. Montan sa a pral disponib atravè yon transfè nan pwogram Flex Fund Administrasyon Federal Otowout Depatman Transpò Florid la. Fon pwogram nan pral matche ak kredi Devlopman Transpò Leta Florid. Pwojè yo pwopoze a pral enkli fon pou ransplasman otobis ki fè wout fiks yo.

Nenpòt pati ki enterese ka fè demann pou Konsèy Komisè Konte Lee a (ann anglè, Lee County Board of County Commissioners) fè yon odyans piblik konsènan pwogram pwojè yo pou aplikasyon pou sibvansyon zòn iben sa a. Pou fè demann pou yon odyans piblik tanpri soumèt yon demann alekri nan espas 10 (dis) jou notis sa a nan Lee County Transit, 3401 Metro Parkway, Fort Myers, Florida 33901.

Tout pati ki enterese ka jwenn yon kopi aplikasyon sibvansyon sa a nan LeeTran, 3401 Metro Parkway, Fort Myers, Florida 33901 ant 8:00 a.m. a 5:00 p.m., de lendi a vandredi.

Si yo pa fè okenn chanjman nan pwojè ki site anwo a, yo pral konsidere notis sa a kòm notis final pwogram pwojè yo. Ou ka dirije tout kesyon nan LeeTran Grants Analyst nan (239) 533-0356 oswa pa imèl nan kfernandez@leegov.com oswa nan www.rideleetrans.com

Konte Lee pap fè diskriminasyon kont endividi sou baz ras, koulè, orijin nasyonal, sèks, laj, andikap, relijyon, revni oswa estati familyal. Pou mande entèpretasyon lang, tradiksyon dokiman oswa yon modifikasyon rezonab ki kalifye pou ADA san sa pa koute moun ki fè demann lan anyen, kontakte Ranice Monroe, (239) 533-0374, Florida Relay Service 711, omwen senk jou ouvrab alavans. El Condado de Lee brindará servicios de traducción sin cargo a personas con el idioma limitado del inglés. Moun ki kwè yo te viktim diskriminasyon sou kondisyon sa yo ka pote yon plent nan Komisyon Florid sou Relasyon Imen (ann anglè, Florida Commission on Human Relations) nan 850-488-7082 oswa 800-342-8170 (mesajri vokal).

Fort Myers News-Press
Dat piblikasyon: 20/7/22